*Хошамет – 2021*

# СЫЙЛЫҚЛАНДЫ

*Усы жылдың 15-декабрь күни Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық музыкалы театрында «Хошамет–2021» жылдың ең белсендилерин сыйлықлаў салтанаты болып өтти.*

*Илажға Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Камалов қатнасты.*



«Хошамет – 2021» сыйлығы менен сыйлықланғанлар арасында Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбиясы ҳәм спорт университети Нөкис филиалы Психология (спорт) бағдарының 2-курс студенти, қылышпазлық спорт түри бойынша Өзбекстан Республикасы сайланды командасының тийкарғы қурамы ағзасы, 2020-жылдан Халықаралық дәрежедеги спорт шебери, "Шухрат", "Жасорат" медалы ҳәм "Қарақалпақстан Республикасында хызмет көрсеткен спортшы" мәмлекетлик атағының ийеси. Япония мәмлекетиниң Токио қаласында өткерилген XXXII Жазғы Олимпиада ойынларында қатнасып күшли сегизликтен орын алған Зайнаб Дайыбекова «Жылдың ең белсенди жас спортшысы» номинациясы менен сыйлықланды.

Номинация ийелери шөлкемлестириўшилер тәрепинен таярланған диплом ҳәм бахалы саўғалар менен сыйлықланды.

**Филиал баспасөз хызмети.**

# АЗИЯ ЧЕМПИОНАТЫНА ҚАТНАСАДЫ



8–15-декабрь күнлери аралығында пайтахтымыз Нөкис қаласында спорттың волейбол түри бойынша қызлар арасында XXIII Өзбекстан кубогы, сондай-ақ, ерkeклер арасында XXVIII Өзбекстан кубогы жарыслары болып өтти.

Қызлар арасында өткерилген жарысқа Қарақалпақстан Республикасы атынан Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қызлар сайланды командасы қатнасты. Жарыс жуўмағында Жиззақ ўәлаяты қызлары 1-орынды ийелеген болса, майдан ийелери есапланған НМПИ сайланды командасы қызлары сыйлы 2-орынды бәнтледи. 3-орын Үргениш мәмлекетлик университети қызларына несип етти.

Әҳмийетлиси, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қызлар сайланды командасы ағзаларынан: А.Жолдасбаева, Н.Реймбаева, У.Турғанбаева, сондай-ақ, команда бас тренери Азат Казаков Өзбекстан сайланды командасы қурамында усы жылдың 20-декабрь күни Бангладеште болып өтетуғын Азия чемпионатына қатнасатуғын болды.

Жарыс жуўмағында сайланды командамыз бас тренери, спорт нураныйы А.Казаков "Өзбекстан кубогының ең жақсы тренери" номинациясы менен сыйлықланды.

*Еслетип өтемиз, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының қызлар сайланды командасы волейбол бойынша усы жылғы Өзбекстан суперкубогының жеңимпазы есапланады.*

**Ислам МАТЕКОВ,**
**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**

# БАҚСЫШЫЛЫҚ КӨРКЕМ ӨНЕРИНИҢ ҒАЙРАТКЕРЛЕРИ ҲӘМ ЫҚЛАСБЕНТЛЕРИНЕ

**(Даўамы. Басы 1-бетте)**

Ҳәзирги күнде елимизде нәтийжели жумыс алып барып атырған 250 ден артық тараў ўәкиллери арасында 25 ге шамаласы «Өзбекстан халық бақсысы» ҳәм «Қарақалпақстан халық бақсысы» атақлары, 1 еўи «Дослық» ордени, 11 и «Шухрат» медалы, 7 еўи «Ниҳол» сыйлығы, 2 еўи «Келажак бунёдкори» медалы менен сыйлықланғанын атап өтиў зәрүр.

Елимизде бул әййемги көркем өнер түрин қәстерлеп сақлаў, раўажландырыў ҳәм ғалаба ен жайдырыў мақсетинде кейинги ўақытта қабыл етилген Президент Пәрманлары ҳәм Ҳүкимет қарарлары тараўдың раўажланыўына жаңа өмир бағышлағанын атап өтиў орынлы. Соның ишинде, елимизде ЮНЕСКО қәўендерлигинде ҳәр еки жылда Халықаралық бақсышылық көркем өнер фестивалын өткериў жақсы дәстүрге айланды. 2019-жыл апрель айында Термиз қаласында өткерилген биринши ҳәм быйыл сентябрь айында Нөкис қаласында шөлкемлестирилген екинши фестиваль регионаллық ҳәм халықаралық жәмийетшилик мәдений шеңберлеринде үлкен қызығыўшылық пайда етти.

Ҳәзирги күнде елимизде бақсы-шайыр ҳәм ақынлар арасында халықаралық таңлаўлар турақлы өткерип келинбекте, билимлендириў мәкемелеринде бақсышылық көркем өнериниң сырларын оқытыў, келешек әўладларға жеткериў бойынша да үлкен жумыслар исленбекте. Ең әҳмийетлиси, бундай кең көлемли илажлар өзиниң нәтийжесин бермекте. Соның ишинде, ҳәзирги ўақытта республикамыз бойынша бақсылар класы 115 ге жетип, оларда оқып атырған оқыўшылардың улыўма саны 1500 ден, оқытыўшылар саны болса 245 ден артықты қурап атырғаны бул бағдардағы жумысларымыз көлеминен дәрек береди.

**Ҳүрметли ўатанласлар!**

Бақсышылық көркем өнерин раўажландырыў жолында ерискен нәтийжелеримиз ҳәм олардың халық аралық тән алыныўы бизди руўхландырып, үлкен шеклерге ийтермелейди. Биз бул бийбаҳа мәдений мийрасты сақлаў, раўажландырыў ҳәм ғалаба ен жайдырыў, соның ишинде, бақсыларымызды ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў ушын жаңа имкәниятларды жумсаймыз. Бул бойынша енди бизге ЮНЕСКО басшылығында халықаралық жәмийетшилик те жәрдемши болады.

Пурсаттан пайдаланып, және бир мәрте барлығыңызды, пүткил халқымызды усы тарийхый ўақыя мүнәсибети менен шын кеўилден қутлықлайман.

Елимизде бақсышылық көркем өнери және де раўажлансын, бақсы, ақын ҳәм жыраўларамызға болса жанажан Өзбекстанымызды дүньяға танытыўда жаңа табыслар ҳәм жетискенликлер яр болсын!

**Шавкат МИРЗИЁЕВ,**
**Өзбекстан Республикасы Президенти.**

# САМБО



*12–15-декабрь күнлери Наўайы қаласында самбо гүреси бойынша Өзбекстан кубогы болып өтти. Жарысқа табыслы қатнасқан жерлесимиз, 71 кг салмақтағы Қурманғазы Қуўандықов жеңимпаз болып, Өзбекстан спорт шебери нормативин орынлады ҳәм жәҳән кубогына жолламаны қолға киргизди. Соның менен бирге, Өзбекстан сайланды командасы ағзалығына қабыл етилди. Сангин Атаханов гүмис, Патпа Жолдасбаева 59 кг қола медальларын жеңип алды. Спортшыларымызды жарысқа таярлаған тренерлер: Сансызбай Юсупов, Руслан Хожаметов, Анвар Атаханов, Султанбек Реймбаевлар.*

**Ислам МӘМБЕТОВ**

*Аўыр атлетши Акбар Жураев бир жылда ҳәм Олимпиада,*